

Florida
Osteoporosis
Prevention
& Education Program

Pwogram Prevansyon ak Edikasyon Osteyopowoz nan Florid

Fanm Azyatik Ameriken fas ak Maladi Osteyopowoz

Fanm azyatik ameriken yo gen pi gwo chans pou devlope maladi osteyopowoz la. Kèk etid ki te fèt sou gwoup popilasyon sila a montre Ameriken ki desandan Azyatik pataje anpil nan kòz fanm blanch yo genyen pou devlope maladi a.

Kèk etid ki fèt pa gen lontan, montre kèk reyalyte ki souliye risk fanm azyatik ameriken yo rankontre pou yo devlope maladi osteyopowoz la:

- Fanm blanch ak fanm azyatik yo soufri ak osteyopowoz pi souvan pase fanm nwa yo, pou pifò, akòz diferans yo genyen nan kantite ak dansite zo yo.
- Yo obsève mwayèn kalsyòm fanm azyatik yo pran a pepre lamwatye sa gwoup popilasyon nan loksidan konsome. Kalsyòm enpòtan anpil nan fè zo yo fòme ak nan kenbe eskelèt la anfòm.
- Fanm azyatik anjeneral gen nivo zo hanch kase pi ba pase fanm blanch, kwake ka ti vètèb zo kase sanble wo menm jan ak sa fanm blanch yo. Nan dènye dizèn lane ki sot pase la yo, ka zo hanch kase te ogmante bridsoukou kèk kote nan peyi Ekstrèm Loryan yo; sa ki fè yo estime a pepre lamwatye nan 6.3 milyon ka zo hanch kase nan lemonn yo va rive an Azi nan ane 2050.
- Fanm mens yo gen mwens pwa nan zo yo pase fanm gwo zo oswa ki gwo anpil yo, kidonk yo kouri pi gwo chans pou yo genyen ka zo kase ki makònen ak osteyopowoz.